**Non:**
**SASID:**

Klas:
Prentan 2023

## Syans ak Teknoloji/Jeni

Nivo Randman Pitit ou a:

Nòt Pitit ou a:

| 440 — Pa Satisfè Atant yo — 470 | Satisfè Pasyèlman Atant yo — 500 | Satisfè Atant yo — 530 | Depase Atant yo — 560 |
|---|---|---|---|
| Yon elèv ki bay randman nan nivo sa a pa satisfè atant pou nivo klas la nan matyè sa a.<br>Lekòl la, an kolaborasyon avèk paran/responsab legal elèv la, dwe detèmine asistans akademik koòdone ak/oswa ansèyman adisyonèl elèv la bezwen pou li reyisi nan matyè sa a. | Yon elèv ki bay randman nan nivo sa a satisfè pasyèlman atant yo pou nivo klas la nan matyè sa a.<br>Lekòl la, nan konsiltasyon ak paran/responsab legal elèv la, dwe anvizaje si elèv la bezwen asistans akademik adisyonèl pou li reyisi matyè sa a. | Yon elèv ki bay rannman nan nivo sa a satisfè atant yo pou nivo klas la epi li nan bon direksyon akademik pou li reyisi nan nivo klas li ye aktyèlman an pou matyè sa a. | Yon elèv ki bay randman nan nivo sa a depase atant yo pou nivo klas la paske li demontre ke li metrize matyè a. |

Ba orizontal gri ki parèt nan grafik ki pi wo a montre evantay nòt pwobab pitit ou a t ap fè si li te fè egzamen an plizyè fwa.

### Randman

| Pitit Ou a | | Ane | Nòt Mwayèn | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Klas | Nòt | | Lekòl | Distri | Eta |
| | | 2023 | | | |

### Konpare Rezilta Pitit Ou Ak Rezilta Lekòl, Distri ak Leta yo

Tablo ki agòch la ak sa ki anba a montre ki randman pitit ou bay nan tès li pran an, konpare ak elèv 9yèm ak 10yèm ane ki te pran tès Byoloji oswa tès Entwodiksyon nan Fizik pou premye fwa nan lane 2023 nan lekòl, distri ak eta yo.

### Randman pitit ou a nan chak kategori rapò, nan pratik syans, epi nan chak kesyon tès

| Kategori Rapò | Pwen Pitit Ou a Fè | Mwayèn Pwen nan Lekòl la | Mwayèn Pwen nan Distri a | Mwayèn Pwen nan Eta a | Pwen Total Posib | Mwayèn Pwen pou Satisfè Atant yo* |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |
| | | | | | | |

*Mwayèn kantite pwen elèv toupatou nan eta a fè ki nan oswa ki pre yon nòt 500, nan ekstremite enferyè nivo Satisfè Atant yo.
† Enfòmasyon sou pratik syans yo disponib nan www.doe.mass.edu/mcas/tdd/practice-categories.html.

### Kesyon Endividyèl Egzamen an

Ale sou sit entènèt la pou wè kesyon egzamen yo pibliye yo nan www.doe.mass.edu/mcas/testitems.html.

| Nimewo Kesyon an | 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 | 24 | 25 | 26 | 27 | 28 | 29 | 30 | 31 | 32 | 33 | 34 | 35 | 36 | 37 | 38 | 39 | 40 | 41 | 42 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Kategori Rapò | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Kategori Pratik | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| Pwen li Fè | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |

**Lejann** Pwen li Fè: x/y = x pwen li fè sou y pwen ki posib; Espas vid = okenn repons
Kategori Pratik: A = Ankèt ak Kesyònman; B = Matematik ak Done; C = Prèv, Rezònman ak Modlaj; "/" = Yo Pa Evalye Kategori Pratik la



# Prentan 2023 MCAS
# Rapò pou Paran/Responsab Legal

dese MASSACHUSETTS Department of Elementary and Secondary Education

**Non:**
**SASID:**
**Dat Nesans:**
**ID Elèv Lokal:**
**Distri:**
**Lekòl:**
**Klas:**

Rapò sa a bay rezilta pitit ou nan egzamen Sistèm Evalyasyon Konplè Massachusetts (Massachusetts Comprehensive Assessment System, MCAS) la pou sezon prentan 2023 a ke yo bay nan 10yèm ane nan Lang ak Literati Angle (English Language Arts, ELA) ak Matematik, epi nan youn nan nouvo matyè egzamen Syans ak Teknoloji/Jeni (Science and Technology/Engineering, STE) nouvo jenerasyon ke yo te administre nan Byoloji ak nan Entwodiksyon nan Fizik. Elèv yo elijib pou yo fè egzamen lekòl segondè STE nan 9yèm oswa nan 10yèm ane.

Kondisyon pou gradyasyon MCAS sa yo detèmine pa klas orijinal yon elèv ki gradye, ki te asiyen lè yo antre nan yon lekòl segondè nan Massachusetts (klas 9yèm ane pou pifò elèv yo).

Elèv ki nan pwomosyon 2025 yo dwe satisfè kondisyon sa yo nan ELA, Matematik, ak STE pou yo ka jwenn diplòm lekòl segondè yo (anplis yo satisfè tout egzijans gradiyasyon nan nivo lokal yo):

- fòk yo fè yon nòt gradye ke yo evalye sou yon echèl 472 oswa pi wo nan egzamen oswa nan repriz egzamen MCAS ELA; **oswa** fòk yo fè yon nòt gradye 455–471 nan egzamen ELA oswa nan repriz egzamen ELA **epi** fòk yo satisfè kondisyon yo egzije nan yon Plan Konpetans Pedagojik (EPP) nan ELA
- fòk yo fè yon nòt gradye 486 oswa pi wo nan egzamen Matematik oswa nan repriz egzamen Matematik; **oswa** fòk yo fè yon nòt gradye 469–485 nan egzamen Matematik oswa nan repriz egzamen Matematik **epi** fòk yo satisfè kondisyon yo egzije nan yon Plan Konpetans Edikatif (Educational Proficiency Plan, EPP) nan Matematik
- fè yon nòt 467 oswa pi wo nan tès Biyoloji a; **oswa** fè yon nòt 470 oswa pi wo nan tès Entwodiksyon Fizik la; **oswa** fè yon nòt 220 (*Bezwen Amelyorasyon*) oswa plis nan tès Chimi eritaj la oswa tès Teknoloji/Enjenieri.

Paj 4 nan rapò sa a gen ladan tou Pratik Syans MCAS kòm yon Kategori Rapò, anplis kategori rapò kontni pou chak atik. Gen plis enfòmasyon ki disponib sou www.doe.mass.edu/mcas/tdd/practice-categories.html.

Elèv yo ka patisipe nan MCAS tou pou rezon bousdetid. Premye tantativ elèv yo fè pou pran yon tès lekòl segondè nan ELA, Matematik, ak STE yo pral itilize pou kritè kalifikasyon yo pou bous John and Abigail Adams. W ap jwenn enfòmasyon sou bous detid yo disponib sou www.doe.mass.edu/scholarships.

**Kaz ki pi ba yo montre estati Detèminasyon Konpetans (Competency Determination, CD) pitit ou a pou gradiyasyon nan chak matyè.** Si pitit ou a bezwen yon Plan Konpetans Pedagojik nan ELA oswa nan Matematik, enfòmasyon sou egzijans yo disponib nan www.doe.mass.edu/assessment/epp. Enfòmasyon sou kesyon egzamen yo disponib nan www.doe.mass.edu/mcas/graduation.html. Si w gen kesyon sou pèfòmans pitit ou a, nou ankouraje w pou rankontre ak pwofesè pitit ou a (yo) pou diskite sou rezilta yo.

## Nòt Jeneral Pitit ou a nan Klas la

| Lang ak Literati Angle | Matematik | Syans ak Teknoloji/Jeni |
|---|---|---|
| Nòt | Nòt | Nòt |
| Santil Kwasans | Santil Kwasans | |
| **Detay yo nan paj 2** | **Detay yo nan paj 3** | **Detay yo nan paj 4** |

### Kisa MCAS ye epi kijan yo itilize rezilta egzamen yo?

MCAS se pwogram evaliyasyon baze sou estanda Commonwealth yo. MCAS gen objektif prensipal sa yo:

- Pou ede fanmi yo dekouvri si pitit yo ap fè pwogrè akademik yo espere a
- Pou ede edikatè yo idantifye pati nan pwogram akademik la kote elèv yo ap aprann byen epi pati kote elèv yo ka bezwen èd adisyonèl pou satisfè atant pou nivo klas la
- Pou ede eta a dirije resous sou lekòl ki bezwen sipò yo
- Nan nivo lekòl segondè a, pou detèmine si elèv yo satisfè egzijans eta a pou Detèminasyon Konpetans (sa vle di, si elèv yo elijib pou yon diplòm lekòl segondè)

### Ki kote ou ka jwenn plis enfòmasyon?

www.doe.mass.edu/mcas/parents/

